

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Pupujian mangrupa salasahiji wangun karya sastra anu masih kénéh hirup tur aya di masarakat Sunda kiwari, anu sumebarna sacara lisan tatalepa ti nu hiji ka nu lianna. Pupujian di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut umumna masih kénéh diparaké dina pangajian/pangaosan, nungguan solat berjamaah. Hal ieu bisa katitén atawa kabuktikeun tina hasil panalungtikan ngeunaan pupujian di éta désa.

Sangeus ditalungtik, bisa dicindekkeun yén pupujian anu kapanggih di Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjén, Kabupatén Garut aya 25 judul pupujian. Dina nangtukeun pupujian nu dianalisis dipilih ku cara *purposive sample* nu dianggap bisa ngawakilan tina sakabéh pupujian. Nu ahirna, tina 25 pupujian anu dianalisis, ngan 12 pupujian nu judulna nya éta “Nabi Ahir Jaman”, “Éling-Éling”, “Masa Allah”, “Paniatan Ngaos”, “Tujuh Golongan Ahli Surga”, “Solawat ka Nabi”, “Nasab Rosul”, “Alam Mahsar”, “Istigfar”, “Ngabagéakeun nu Susah”, “Robana Ya Robana”, jeung “Pangalaman Santri”.

. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif. Anu dianalisisna ngawengku wangun, eusi, jeung unsur puisina.

Analisis pupujian dumasar kana wangun nya éta jumlah pada pangasaetikna diwangun ku-2 pada, jeung anu panglobana diwangun ku-44 pada. Jumlah padalisan diwangun ku-2 padalisan, 4 padalisan, jeung 6 padalisan. tapi rata-rata diwangun ku opat padalisan (wangun kantétan opat). Engang anu kapanggih ti mimiti 6 nepi ka 18 engang. Palebah purwakanti kapanggih anu runtuyan pungkasna a-a, a-b, a-a-a-a, a-a-a-b, a-a-b-a, a-a-b-b, a-b-a-a, a-b-b-b, jeung a-b-c,a.

Basa anu dipaké dina pupujian nya éta basa Sunda jeung basa campuran (Arab-Sunda, Jawa-Sunda). Eusi pupujian nu kapanggih ti Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut nya éta:

Ayi Surtani, 2013

PUPUJIAN DI DÉSA PANYINDANGAN KACAMATAN PAKÉNJÉNG KABUPATÉN GARUT PIKEUN BAHAN PANGAJARAN NGAREGEPKEUN DI SMP KELAS VII

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Ngélingan ka umat Islam sangkan salawasna ngajalankeun paréntah jeung ngajauhan larangan Alloh SWT;
- b. Muji kaagungan Pangéran;
- c. Umajak ka Umat Islam sangkan lobakeun ngadu'a;
- d. Tobat ka Pangéran;
- e. Solawat ka Kangjeng Nabi;
- f. Papatah sangkan manusa salawasna kudu sadrah, jeung pasrah narima kana sagala cocoba anu tumiba.

Saterusna, unsur puisi nu kapanggih ti Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut aya téma, rasa, nada, jeung amanat. Témana, kapanggih ngeunaan tobat, muji ka Alloh, gumelarna Kangjéng Nabi, ménta safaat ka Nabi, amalan nu bakal kabawa ka ahérat, jeung silih tulungan ka papada manusa. Dina rasa, kapanggih aya rasa bungah, tingtrim, keuheul, watir, sedih, handeueul, hariwang, waas jeung pikasieuneun. Dina nada, kapanggih aya anu nadana ngélingan, nyaritakeun ngeunaan hiji jalma anu bakti ka Alloh, méré nyaho ngeunaan ajaran agama. Dina amanat kapanggih paréntah sangkaan umat manusa turut kana ajaran Kangjeng Nabi Muhammad SAW, ibadah ka Alloh, silih élingan papada manusa, silih tulungan, ngajauhan kana larangan anu geus ditangtukeun ku Alloh, ngalaksanakeun sagala paréntah Alloh.

Tina hasil panalungtikan, ieu pupujian bisa dijadikeun wangun bahan pangajaran di SMP kelas VII. Lantaran matéri pupujian aya dina SKKD Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda dina kaparigelan ngaregepkeun. Eusi nu aya dina pupujian bisa ngadidik siswa dina ngahadéan aqidah jeung ahlak, lantaran ieu pupujian eusina ngeunaan piwuruk, élmu agama, muji ka Alloh, jeung ka Rosul-Na.

5.2 Saran

Sabada réngsé ditalungtik, ngeunaan wangun, eusi, jeung unsur harti tina pupujian anu kakumpulkeun ti Désa Panyindangan Kacamatan Pakénjéng Kabupatén Garut, aya sababaraha hal anu hayang ditepikeun minangka saran.

- a. Pikeun ngamumulé, miara, jeung ngamekarkeun pupujian nu aya di masarakat bisa ngaliwatan pangajaran di sakola-sakola. Pupujian anu sumebar sacara lisan hadé lamun dikumpulkeun dina wangun tulisan, upama pupujian anu dikumpulkeun ti hiji daérah dijieun jadi hiji buku nu eusina husus ngeunaan pupujian. Tujuanna sangkan guru babari ngadumaniskeun pangajaran basa Sunda, komo bari jeung ngalagukeun pasti siswana bakal leuwih daria diajarna;
- b. Dina mangsa kiwari anu geus maju sarta gancang pisan mangaruhan kana sikep jeung tingkah paripolah siswa/i SMP/MTs, alusna mah pupujian henteu ditepikeun di kelas tujuh wungkul, tapi ogé di kelas dalapan jeung salapan. Lantaran sacara teu langsung pangajaran pupujian bisa méré papatah jeung ajaran agama ka para siswa/i;

Pamungkas, mugia pupujian hasil panalungtikan ieu bisa ngadeudeulan bahan pangajaran ngaregepkeun puisi pupujian di SMP/MTs/Sadarajat.